# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–17 जनवरी 2025 भोजपुरी समाचार

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु देस क नाव रोसन करे वाले खेलड़ियन के राष्ट्रपति भवन में आजु सम्मानित कइलींन। सम्मानित होखे वालन में प्रदेसों क छह खेलाड़ी सामिल हउवे। येह में अंतरराष्ट्रीय पैरा–एथलेटिक्स सिमरन, पैरा–एथलेटिक्स खेलाड़ी अजीत सिंह आ प्रीति पाल, एथलेटिक्स खेलाड़ी अन्नूरानी अउरि सतरंज क खिलाड़ी वंतिका अग्रवाल के राष्ट्रपति अर्जुन पुस्कार दुइ हजार चउबीस से सम्मानित कइलीन। ओही, पैरा–एथलेटिक्स में बेहतरीन प्रदर्सन करे वाले प्रदेस के प्रवीण कुमार के मेजर ध्यान चन्द खेल रत्न अवार्ड दुइ हजार चउबीस दिहल गइल। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ अपने सोसल मीडिया प्लेटफार्म एक्स पर येह खेलड़ियन के सम्मान समारोह क वीडियो साझां करत बधाई दिहले हवे।

**********

अजोध्या के मिल्कीपुर उपचुनाव बदे परचा दाखिला आजु पूरा हो गइल। आखिरी दिन्ने भारतीय जनता पारटी आ समाजवादी पारटी के प्रत्यासियन के लेके कुल चउदह प्रत्यासी परचा भरलें। बिहने परचन क जांचि कइल जाई। बीस जनौरी ले परचा वापस लिहल जा सकिहें। एगो रिपोर्ट हमरे अयोध्या प्रतिनिधि से–

***अयोध्या जनपद के मिल्कीपुर विधानसभा उपचुनाव के नामांकन का अंतिम दिन आज गहमागहमी से भरा रहा, जिसमें समाजवादी पार्टी और भारतीय जनता पार्टी के प्रत्याशियों ने एक बार और पर्चा भरा, इस प्रकार नामांकन के अंतिम दिन 14 प्रत्याशियों ने नामांकन परचे भरे हैं। आर ओ राजीव रत्न सिंह ने बताया भारतीय जनता पार्टी से चंद्रभानु पासवान, समाजवादी पार्टी से अजीत कुमार, आजाद समाज पार्टी से सूरज चौधरी उर्फ संतोष कुमार, मौलिक अधिकार पार्टी और निर्दलीय प्रत्याशी सहित कुल 14 प्रत्याशियों ने नामांकन पर्चा भरा है। –तन्मय सोनी आकाशवाणी समाचार अयोध्या।***

**********

नेशनल टेस्टिंग एजेंसी– एनटीए नीट यूजी दुइ हजार पचीच के एक्के दिन्ने अउरि एक्के सिफ्ट में करवले क फैइसिला लिहले हौ। एनटीए के एगो अउरियों फैइसिला के हिसाबि से येह बेरि नीट यूजी क आयोजन पेन पेपर के पूरनका तरीका से ओएमआर सीट पर होई। एनटीए के मोताबिक परीक्षा मई मे करावल जा सकेले। नीट यूजी दुइ हजार पचीस के मेरीट से एमबीबीएस, बीडीएस, बीएएमएस, बीयूएमएस अउरि बीएचएमएस के अलावे चारि बरिस के बीएससी डिग्री बदे सीटि एलाट होई।

**********

भारत संचार निगम लिमिटेड कै वाराणसी क्षेत्र के मुख्य प्रबंधक अनिल कुमार गुप्ता क्षेत्र मे बीएसएनएल सेवा क जनकारी देत बतउलें हवे कि क्षेत्र मे फोर जी सेवा सुरू भइले के सथही अबले करीब पांच सौ टावरन के उच्चीकृत कइल जा चुकल हौ।

**********

प्रदेस सरकार महाकुंभ दुइ हजार पचीस में सरधालुअन आ तीर्थ यात्रियन के बेहतर चिकित्सा देवे बदे खास इंतजाम कइले हवे। सरकार के पहल पर प्रयागराज मेला प्राधिकरण सरधालुअन के सेहत से जुड़ल जरूरति के पूरा करे बदे महाकुंभ मेला इलाका के परेड ग्राउड में सौ विस्तरन वाला केन्द्रीय अस्पताल बनवले हवे।

***केंद्रीय अस्पताल के अलावा, संक्रामक रोगों के प्रबंधन के लिए मेला क्षेत्र में दो समर्पित अस्पताल भी स्थापित किए गए हैं, ताकि देश–विदेश से आने वाले श्रद्धालुओं की स्वास्थ्य और सुरक्षा को सुनिश्चित की जा सके। आकाशवाणी समाचार से बातचीत में केन्द्रीय अस्पताल के नोडल अधिकारी डॉक्टर गौरव दुबे ने बताया कि अस्पताल में पुरुषों, महिलाओं और बच्चों के लिए अलग–अलग वार्ड हैं साथ ही आईसीयू और आपातकालीन सुविधाएं भी उपलब्ध हैं। मेला क्षेत्र के विभिन्न क्षेत्रों में 20–20 बेड की क्षमता वाले आठ छोटे अस्पताल भी संचालित हैं। अस्पतालों में दी जाने वाली सभी चिकित्सा सेवाएं निःशुल्क हैं। आनंद कुमार, आकाशवाणी समाचार, प्रयागराज।***

येह अस्पतालन मे प्रसव कक्ष, मेजर आ माइनर ऑपरेसन थियेटर अउरि अलगि–अलगि विधा के विशेषज्ञ चिकित्सकन क तैनाती कइल गइल हौ।

**********

संकष्ठी चतुर्थी क परब आजु प्रदेस भर में सरधा आ भक्ति के माहौल में मनावल जा रहल हौ। येह मौका पर महिला लोगि भगवान गनेस क पूजा कइ के अपने संतान के सुख समृद्धि क कामना कइ रहलि हइनी। वाराणसी के बड़ा गनेस मंदिर में आजु भगवान गनेस क पूजा अरचना कइ के आरती उतारल गइल। लोक मंगल के कामना के साथे लड्डू मोदक आ तिलकुट क भोग लगावल गइल। परब के लेके महिला लोगि महाकुंभ नगर के संगम तट आ वाराणसी में गंगा के किनारे नहानो कइलीन।

**********

गोरखपुर के लेके पूर्वी उत्तर प्रदेस के करीब सज्जों जिलन में पछिला चउबीस घंट के दौरान मौसम सुस्क रहलि। कुछु जगहिन पर घना कुहेसा आ कुछु जगहिन पर मध्यम कुहेसा कै हालति बनल रहल। तापमान सामान्य से कम रेकाड भइल मौसम बिभाग के मोताबिक अगिला तीनि दिन ले तापमान कम बनल रही। कहीं घना त कहीं मध्यम कुहेसा क पूर्वानुमान बाटे।

**********